



FICH ENFÒMASYON #5

Angajman ak Konsiltasyon Rezidan

Otorite Lojman Piblik la (PHA) dwe rankontre rezidan yo atravè pwosesis RAD la pou enfòme yo sou konvèsyon an ak dwa yo, pou chèche kòmantè sou plan ki pwopoze yo, ak pou reponn kesyon ak kòmantè. PHA dwe bay konsiderasyon rezonab a tout kòmantè ak enkyetid ki souve pa rezidan yo oswa pa yon asosyasyon rezidan.



Kijan Rezidan yo Angaje nan Pwosesis RAD la?

Antanke rezidan yon pwopriyete ke y ap konsidere pou RAD, ou se ekspè an pwopriyete ak kominote a. Angaje nan pwosesis ak travay avèk vwazen w yo pral asire pi bon reziltapou kay ou a.

HUD mande pou PHA yo avize rezidan yo ak asosyasyon rezidan yo bonè, konsilte rezidan yo pandan tout pwosesis konvèsyon an, epi diskite sou RAD nan odyans piblik yo. Anplis, nou ankouraje konsèy rezidan yo oswa asosyasyon yo pou reyini poukонт yo pou diskite sou plan RAD yo, vini avèk kesyon epi fè kòmantè. Si pwopriyete w la pa gen asosyasyon rezidan, ou kapab resevwa fòmasyon ak sipò nan men PHA a, yon asosyasyon rezidan, oswa yon òganizasyon kominotè pou kòmanse youn.

Aksesibilite

Yo dwe rann tout materyèl ak reyinyon yo aksesib pou moun ki gen andikap yo. Yo dwe tou bay asistans lengwistik, san blye entèpretasyon ak tradiksyon pou tout rezidan ka patisipe nan reyinyon yo, li materyèl yo, ak fè kòmantè.



Pou plis enfòmasyon, gade [Fich Enfòmasyon #8 la: Òganizasyon ak Finansman Rezidan](#).



Èske Gen Reyinyon Rezidan Konsènan Pwosesis RAD la?

Pandan tout pwosesis RAD la, PHA dwe òganize reyinyon avèk rezidan yo. Sa yo se opòtinite pou enfòme w konsènan plan yo pou pwopriyete w la, poze kesyon, ak fè kòmantè. Apre yo fin resevwa kòmantè ak kesyon w yo, PHA w la bezwen ba yo repons alekri. Ni kòmantè w yo ni repons ekri PHA w yo dwe soumèt bayHUD. Byenke PHA ak lòt patnè yo ka òganize lòt reyinyon rezidan, reyinyon ki annapre yo obligatwa:

- De reyinyon anvan yo soumèt yon aplikasyon bay HUD pou konvèsyon atravè RAD.**

Reyinyon sa yo òganize byen bonè nan pwosesis konvèsyon RAD la byen anvan PHA devlope tout plan li yo. Nan reyinyon sa yo PHA dwe eksplike RAD, plan jeneral yo, epi resevwa kòmantè rezidan an. Sijè reyinyon yo dwe gen ladan yo:

Fich Enfòmasyon #5: Angajman ak Konsiltasyon Rezidan

Nan reyinyon sa yo PHA dwe eksplike RAD, plan jeneral yo, epi resevwa kòmantè rezidan an. Sijè reyinyon yo dwe gen ladan yo:

- » Yon deskripsyon dwa ak pwoteksyon rezidan yo nan yon konvèsyon RAD, san blye dwa w pou rete nan pwopriyete a oswa retounen nan pwopriyete a;
- » Si yo atann pou gen reparasyon oswa konstriksyon;
- » Si gen plan pou transfere plan sibvansyon lojman abòda la nan yon novo kote ak sa potansyèl kote yo ye (yon "transfè asistans");
- » Si PHA prevwa pou fè patenarya avèk yon lòt òganizasyon lojman abòdab; epi
- » Si ka gen chanjman nan kantite oswa tip apatman yo.

Nan chak reyinyon, PHA dwe bay mizajou sou sijè ki diskite nan reyinyon anvan yo epi mande rezidan yo fè kòmantè souamelyorasyon yo pwopoze nan pwopriyete a. Pa egzanp, ou ka asire w PHApral kapab adrese pwoblèm atik ki brize yo nan biling nan epi rezoud pwoblèm ki prezante anpil fwa nan apatman nou a tankou fuit, oswa ajoute atik nan pwopriyete a ki ta ka fè li vin yon kote ki pi bèl pou viv, tankou espas reyinyon oswa amenajman.

- **De reyinyon avèk rezidan yo apre HUD fin aksepte PHA an RAD** (apwobasyon sa a rele "Angajman pou antre nan yon Peman Asistans Lojman" oswa CHAP) **epi anvan PHA gen yon "apèl konsèp"** avèk HUD pou diskite plan yo pou finanse renovasyon ak operasyon kontinyèl pwopriyete a. Anplis, yo ankouraje reyinyon chak twa mwa avèk dokimantasyon ekri ajenda reyinyon an avèk rezidan yo
- **Yon reyinyon anvan fèmti ak apre PHA resevwa yon Angajman Konvèsyon RAD.** PHA dwe bay mizajou sou tayming konvèsyon an, travay ki planifye a, lwave a ak règ kay la, demenajman antisipe ak mobilite chwa. PHA dwe tou bay aksè oswa kopi novo lwave a tout règ aplikab kay la.

Chanjman adisyonèl yo obligatwa si gen chanjman sibstansyèl nan plan konvèsyon an epi yon reyinyon obligatwa pa fèt nan twa mwa.

REYINYON OBLIGATWA PHA PANDAN PWOESISI KONVÈSYON RAD LA

De reyinyon anvan yo soumèt yon aplikasyonbay HUD pou konvèsyon an RAD. Nan reyinyon sa yo PHA dwe eksplike RAD, plan jeneral yo, epi resevwa kòmantè rezidan an.

Omwen de reyinyon avèk rezidan yo apre HUDaksepte PHA an RAD (CHAP) epi anvan PHA gen yon apèl konsèp avèk HUD.

Yon reyinyon apre yo emèt RCC ak anvan fèmti a. PHA dwe revize taymimg konvèsyon an, travay, chanjman nan lwave a ak règ kay la, ak nenpòt demenajman antisipe, ak mobilite chwa.





Èske Pral Genyen yon Odyans Biblik? Èske Konsèy Konsilitatif Rezidan an (RAB) pral enplike?

HUD pa pral apwouve yon konvèsyon RAD avan konvèsyon an enkòpore nan Plan PHA a. Chak PHA gen yon Plan Anyèl oswa Senk Ane (“Plan an”), ki bay detay sou pwogram nan ak sèvis PHA ofri. Tout chanjman ki pral fèt nan pwopriyete w la akoz RAD pral gen pou yo apwouve epi enkli nan Plan PHA a oswa nan yon amannman siyifikatif.

PHA dwe gen yon **Konsèy Konsilitatif Rezidan (RAB)** ki enkli rezidan lojman biblik yo. PHA dwe travay avèk Konsèy Konsilitatif Rezidan an (RAB) atravè pwosesis Plan an ak chak fwa li fè chanjman siyifikatif nan Plan PHA a.

PHA ka sèlman soumèt Plan PHA a, oswa yon amannman siyifikatif, bay HUD apre:

- Bay RAB enfòmasyon, san bliye nan nenpòt konvèsyon RAD ki pwopoze;
- Konsilte RAB la;
- Fè yon sanbilizasyon bò kote gran biblik la pou yon odyans biblik;
- Avize tout rezidan PHA sèvi yo sou yon odyans biblik;
- Òganize yon odyans biblik; epi
- Epi envite yo fè kòmantè biblik sou Plan an.

RAB la dwe gen ase tan pou revize deskripsyon konvèsyon RAD la nan **Plan PHA a** epi fè komantè. PHA dwe konsidere kòmantè biblik la epi RAB pa oblige dakò avèk yo. PHA dwe bay yon eksplikasyon ekri sou rezon ki fè yo pa aksepte yo.

Si RAB la panse PHA pa t bay avi adekwa ak opòtinite pou kòmantè, RAB la ka mande PHA pou detèmine si PHA satisfè egzijans sa yo.



Èske Reyinyon yo ak Materyèl yo disponib nan fòma aksesib pou moun ki gen andikap epi li dwe rann reyinyon yo aksesib pou moun ki gen andikap?

PHA dwe rann materyèl yo disponib nan fòma aksesib pou moun ki gen andikap epi li dwe rann reyinyon yo aksesib pou moun ki gen andikap. PHA yo dwe itilize komunikasyon efikas pou moun ki gen andikap san bliye bay materyèl nan fòma altènativ apwopriye (Braille, gwò karaktè, imèl aksesib, elatriye.), epi bay entèprèt lang siy ak aparèy èd pou tandem reyinyon yo jan sa nesesè. Reyinyon rezidan yo dwe òganize nan yon kote ki fizikman aksesib pou moun ki gen andikap oswa ofri reyinyon adomisil. Reyinyon yo dwe òganize nan anviwònman ki pi entegre a ki apwopriye pou bezwen moun ki gen andikap (yo) ki pèmèt yo entèaji konplètman avèk anplwaye yo ak lòt patisipan yo.

Anplis, PHA a dwe tou bay asistans lengwistik a moun ki pa metrize Anglè pou yo ka li materyèl yo, partisipe nan reyinyon yo, epi fè kòmantè sou konvèsyon RAD ki pwopoze a. Sa ka gen ladan bay tradiksyon materyèl ekri yo epi bay entèprèt nan reyinyon yo.